Recueilli par : Oumar DIALLO

Dit par : Cheikh Mbacké GUEYE
Griot, demeurant à Louga

--------

# JIGÉEN AK JËKKËRAM

Maanaam séén nekkin, jigéen ji war naa xam boppam ; goor gi itam war naa xam boppam.

Dafa mos am jenn jigéen joo xam ni dafa rafet lool, taar ba daal ëpp na dayo, ba mu gis daal boppam. Waaye nag amul benn bëñ, benn bëñ na ko rey...

Benn góor gis ko ni : Aa ! kii daal nii mu jongamaa ak ni mu rafete, te ay bëñ rekk saxu ko, kii daal dinaa ko dimmali, ndax kii daal li mótul ci moom ku ko mótali dina mót jigéen, dina mót nit.

Mu dem poosel ko fanweeri bëñ ak ñaar. Ndawsi kenn mënu xool bu la ree rekk nga boole, rafet lool , bëñ yi rafet lool, ndekkete bëñ yi rekk moo desoon ci moom,

Xam nga ni ab taar bu booleek ay bëñ yu rafet yu ñu poose , dina neex a gis. Ndaw si di doxal ak jëkkër ji, di doxal ak jëkkër ji, di doxal ak jëkkër ji , di séy ak jëkkër ji, di séy ak jëkkër ji ba mu yàgg daal ; xam nga ni bëñ su ñu ko posee ba mu yàgg day mujj nga fàtte ni yow mii mos nga ñàkk ay bëñ. Ñu dem a dem ba mu yàgg ndaw si gis boppam di tappaas waa ji, di ko tappaas, di ko tappaas rekk. Moom waa ji di muñ, ni ko :

_ Waaw yow tee nga bàyyi tappaas bi nga may tappaas rekk.

Ndaw si ni ko :

_ Du ma ko bàyyi, te sax, leegi bu ci loolu nekkee wacc ma.

Muy tappaas waa ji, di ko tappaas, ba waa ji ni :

_ Soo dogoo ci ma wacc la, ma wacc la waaye bag am na loo xam ni ... dinaa la wacc, bàyyi la nga dem ak say bagaas, waaye am nassama yëf yoo xam ni duma la ko bàyyil.

- Laaylaayla-laaw waxal ! lu mu mënti doon dinaa la ko jox, loo ma mayul rekk dinaa la ko dello.

Mu ni ko :

_ Roñal li nga fi am, roñal li nga fi am.

Mu tàmbali di roñ tappi yi, di roñ lal yi,di roñ lépp, di roñ, di roñ, di roñ ba mu yàgg nag mu daldi dikk ni ko :

- Maa ngi nii nag, waxal nag loo ma fi mayul ma delloo la ko..

- Defal ndànk.

- Waxal !

- Defal ndànk ! Sama fanweeri bëñ yooyu ak ñaar bu ñu génn kër gi, Fexeel ba bu ñu la topp.

Mu bobbi ciiñu kow maak mu suuf ma xëpp ko ko. Nakk mu génn,xale yi topp ko naan ko ;

_ Màbb rajax ! Màbb rajax !

Muy xëppanteek xale yi suuf .

Bii lépp ku ko topp dina xar nijigéén buy séy war naa xam ni muy waxanteek jëkëram.